# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अंबेडकरनगर के सिविल लाइन ग्राउंड पर दुइ हजार एक सौ बाइस करोड़ रूपिया के चारि हजार नौ सौ सतहत्तर विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें, सथहीं उहां के दुइ गो निजी औद्योगिक विकास परियोजनों क सुभारम्भ कइलीं। येह मौका पर मौजूद जनसमूह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहले कि बरिस दुइ हजार सतरह के पहिले माफिया अम्बेडकनगर में जमीनि कब्जियावत रहलें बाकिर आजु कउनों माफिया कउनहूं जमीनि पर कबजा आ चाहे बेटी से छेड़छाड़ नाहीं कइ पाई। उहां के कहलीं कि डबल इंजन क सरकार नाहीं होत त माफिया क इलाजो नाहीं होत। माफिया, पछिला सरकारन कै पालल गइल जीव रहलें जवन ओह नेता लोगिन के आजीविका क जरिया बनत रहलें।

_श्री योगी कहलें कि डबल इंजन क सरकार चारि करोड़ देसवासियन के मकानि दिहलसिं उहां के कहलीं कि पहिले गरीब अउर भक्त के आवास दीहल गइल फेर भगवान क मंदिरो बनवावल गइल। श्री योगी कहलें कि जो त डबल इंजन क सरकार नाहीं होत त यूपी में छप्पन लाख गरीबन के मकानि नाहीं मिलि पावति। पहिले लोगिन के जनकल्याणकारी योजना क फायदा नाहीं मिलि पावत रहे, बाकिर आजु हर जरूरतमंद के बिना कउनहूं भेदभाव के गरीब कल्याण योजना क फायदा मिलि रहल हउवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने सरकारी आवास पर उत्तर प्रदेश लोक सेवा आयोग से चुनल गइल उन्तालीस उपजिलाधिकारियन, इकतालीस पुलिस उपाधीक्षकन अउर सोरह गो कोषाधिकारी–लेखाधिकारियन के नियुक्ति पत्र बंटलें। येह दौरान नया चुनल गइल अभ्यर्थी लोगि आपन अनुभवो साझा कइलें। मुख्यमंत्री कहलें कि जब सरकार ईमानदारी के साथे काम करे ले त ओवर ऑल परसेप्सन बदलि जाला। उहां के कहलीं कि पछिला सात बरिस से पहिले ले प्रदेस के लोगिन के समने अपने पहिचान क संकट रहे। ओहीं, आजु ऊ सीना तानि के कहे लें कि हम उत्तर प्रदेश क रहवइया हईं। ई सब सरकार के व्यवस्थित तरीका से फैसिला लिहले के नाते भइल हवे।

श्री योगी नया चुनल गइल अभ्यर्थियन से कहलें कि उनके लग्गे जनता–जनार्दन क सेवा करे बदे तीस से पैंतीस बरिस क समय बाटे। उनकर आसीरबाद लिहले क समय हउवे, जवने से अपने भविस्य के उज्ज्वल बना सकें। उहां के कहलीं कि पहिली बेरि कउनों आयोग अउर बोर्ड मात्र नौ महिन्ना में चयन प्रक्रिया के पूरा कइले हउवे। एहमें न त केहू क सिफारिस क जरूरति परल अउर न त कउनों हस्तक्षेप भइल।

ओहीं, जवन लोगि परीक्षा के सूचिता से खेलवाड़ कइले क कोसिस कइलें ऊ लोगि ओहकर खामियाजा भुगतत हवें। उनकर सम्पत्ति जब्त कइ लिहल गइल अउर उनके घरन पर रेड परल। एतने नाहीं सरकार तय कइ लिहले हउवे कि नौजवानन के भविस्य से खेलवाड़ करे वालन के साथे सख्ती से निपटल जाई।

मुख्यमंत्री कहलें कि हमहन के कार्ययोजनें क परिणाम हवे कि पछिला सात सालि के भित्तरे करोड़ो नौजवानन के नोकरी अउर रोजिगार क सुविधा प्रदेस में उपलब्ध करावल गइल हउवे। आजु पर–कैपिटा इनकम अउर प्रदेस के जीडीपी में बढ़ोत्तरी भइल हउवे। एतने नाहीं यूपी देस क दुसरकी बड़हन अर्थव्यवस्था के रूप में उभरि के सामने आइल हउवे। ई कुलि तब होला जब सरकार ईमानदारी के साथे कार करे ले। उहां के नव चयनित अभ्यर्थियन से कहलीं कि आप लोगिन के सरकार के इंजन के रूप में आपन भूमिका निभावे के होई।

**********

लोकार्पण–सिलान्यास के क्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्यो में एक हजार नब्बे करोड़ रूपिया के चारि सौ इग्यारह विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। किसान मेला अउर कृषि प्रदर्सनी के समापन समारोह में मुख्यमंत्री येह विकास परियोजना के जनता के समरपित कइलें। ओहीं मुख्यमंत्री गोण्डा में स्वसाशी राज्य चिकित्सा महाविद्यालय क उद्घाटन कइले के सथहीं जिला के एक हजार छौ सौ नवासी करोड़ रूपिया क चारि सौ बाइस विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। मुख्यमंत्री बिहने अपने गृह जिला गोरखपुर में होइहें। उहां के एइजा खादि करखाना में आयोजित लोकारपण–सिलान्यास कार्यक्रम में गोरखपुर विकास प्राधिकरण क अट्ठारह सौ करोड़ रूपिया के नया आवासीय टाउनसिप, राप्तीनगर बिस्तार अउर स्पोर्ट्स सिटी क आधारसिला रक्खबि सथहीं पचीस विकास परियोजना क सिलान्यास अउर एक्यावन गो परियोजना क लोकारपणो करबि। येही क्रम में मुख्यमंत्री, मदन मोहन मालवीय प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय में चारि मंजिला फार्मेसी बिल्डिंगो क सिलान्यास करिहें।

**********

प्रदेस क गन्ना विकास अउर चीनी उद्योग राज्य मंत्री संजय सिंह गंगवार आजु पीलीभीत जिला क नया बनल तहसीलि कलीनगर के नया भवन क लोकारपण कइलें। तहसीलि भवन के निरमाण पर छौ करोड़ बीस लाख रूपिया खरच भइल। लोकारपण समारोह में पूरनपुर क विधायक बाबूराम पासवान, बरखेड़ा क विधायक स्वामी प्रवक्तानंद, जिलाधिकारी संजय कुमार सिंह के सथहीं कई गो अधिकारी अउर जनप्रतिनिधि मौजूद रहलें।

**********

खेलो इण्डिया के तहत अमरोहा के चोटीपुरा स्थित श्रीमद् दयानंद कन्या गुरूकुल महाविद्यालय में चलि रहल तीन दिवसीय चउथा नेशनल सीनियर स्पोर्ट्स योगासन चैम्पियनशिप–दुई हजार तेइस–चउबिस क समापन भईल। चैम्पियनशिप में ओन्तिस प्रदेसन के पांच सौ बयासी महिला योगा एथलीट हिस्सा लिहलिन येह दौरान उत्कृष्ट प्रदर्शन करने वाली विजेता लोगिन के इनामो दिहल गईल।

**********